


Date Printed: 04/20/2009

---

JTS Box Number: IFES\_64  
Tab Number: 85  
Document Title: Deklarasyon inivesel dwa moun  
Document Date: 1989  
Document Country: Haiti  
Document Language: Creole  
IFES ID: CE00804



\* 4 4 8 8 A 7 1 E - E 0 6 5 - 4 5 7 E - 8 0 8 1 - 6 4 6 A B 8 D F 1 9 9 4 \*



# DEKLARASYON INIVÈSÈL DWA MOUN



## Mèsi

- *Piblikasyon sa a fèt sou reskonsablite òganizasyon tèt an-sanm Nasyon yo.*
- *Òganizasyon ki bay kòb pou enprime "Deklarasyon Dwa Moun" vèsyon nimewo 2 an kreyòl la : Anbasad Kanada (Fon Kanadyen) Pòtoprens.*

Koudmen nan teknik :

- *Adaptasyon tèks kreyòl la : Wilfrid Dalzon (CFET).*
- *Konsiltan Odyovizyèl ak aranjanman paj 12 a 32 yo: Frantz Ewald.*
- *Desen paj 5 a 11 yo: Bernard Kénol.*
- *Pou vèsyon sa a: kolaboratè Bernard Kénol, Paul Denis.*

---

## Avètisman

Ti liv sa a kapab sèvi nan lekòl ak nan sant pòs alfabetizasyon. L ap pèmèt moun ki fèk aprann li yo kontinye etid yo nan lekti ak ekriti. Li ka sèvi nenpòt lòt moun ki konn li deja ki vle ogmante konesans li sou zafè dwa moun.

**Note Byen (N.B.) :** Ti liv sa a anvan yo te enprime li, yo te teste l nan zòn andeyò, tankou : Tomasik, Bòk Banik, Lopòs, Sen-Rafayèl, Twou Zonbi epi Kay-Jakmèl.

# DEKLARASYON INIVÈSÈL DWA MOUN



---

**Pòtre** de branch bwa sa a se drapo Nasyonzini. Li reprezante deviz òganizasyon an pou li travay pou fè edikasyon, prosperite, linyon ak lapè fleri toupatou sou tè a.

Jou ki te 10 desanm 1948, Asanble Jeneral Nasyonzini te vote epi pwoklame Deklarasyon Inivèsèl sou Dwa Moun ki andedan ti liv sa a. Apre li fini fè gwo jès moun pa ka bliye sa a, Asanble Jeneral la te rekòmande tout peyi ki manm Nasyonzini yo, pou yo pibliye Deklarasyon an epi fè tout mwayen posib pou simaye l, afiche l toupatou, fè moun lil l, e brase lide sou li, sitou nan lekòl ak lòt kote yo fè edikasyon moun, kèlkeswa sitiyasyon politik peyi yo oswa teritwa yo.

## Entwodiksyon

Lè nou sonje desizyon rekonèt valè chak moun genyen nan li menm-menm kòm moun, desizyon rekonèt tout moun gen menm dwa egalego, dwa pèsonn pa ka wete nan men yo, desizyon sa a se veritab baz libète, veritab baz lajistis ak lapè sou tè a.

Lè nou sonje inyorans ak mepri dwa moun, konn lakòz divès move zak sovaj, zak ki revolte konsyans mezi moun sou tè a, san nou pa bliye, pi gwo espwa nou kòm moun, se pou yon jou chak kretyen-vivan gen libète lapawòl, libète pou li gen konviksyon pèsone l, se pou yon jou tout moun santi yo debarase ak lapè ak lamizè sou tè a.

Lè nou sonje nesesite pou gen yon seri regleman ki pou pwoteje dwa moun sou tè a, dekwa pou lezòm pa toujou santi yo oblije pran lezam pou delivre tèt yo anba chèf k ap kraze brize, k ap fè abi.

Lè nou sonje nesesite pou nou ankouraje tout nasyon tabli relasyon bon zanmitay antre yo.

Lè nou sonje nan batistè Nasyonzini an menm, pèp peyi manm yo te retounen deklare ankò, yo gen lafwa nan **dwa fondanatal** chak moun, lafwa nan **diyite** ak **valè** chak kretyen-vivan, lafwa nan **dwa egalego pou ni fanm, ni gason**.


Lè nou sonje tout peyi sa yo te pran pozisyon anfavè **pwogrè sosyal** sou tè a, epi yo te pran desizyon pou fè tout moun sou tè a jwenn plis **libète** ak **pi bon kondisyon pou yo viv**.

Lè nou sonje **peyi manm yo te pran angajman**, pou yo kole tèt ak Nasyonzini, pou fè **respekte dwa moun ak libète** ki endispansab yo, toutbon vre, toupatou sou tè a.

Lè nou sonje jan li enpòtan pou tout moun soti dakò sou sa dwa ak libète sa yo vle di, pou yo ka aksepte angajman sa a nan tout sans li.

### **Asanble Jeneral la pwoklame :**

Deklarasyon Dwa Moun sa a fèt pou sèvi tankou pi gwo espwa pou tout moun, nan tout nasyon sou tè a. Y ap eseye realize li, yon fason, dekwa pou tout kretyen-vivan, tout enstitisyon ki fè pati lasosyete, ka pran Deklarasyon sa a kòm **gid**, nan jefò y ap fè, pou yo sèvi ak **edikasyon kòm** mwayen pou fè respekte dwa ak libète; nan jefò y ap fè pou yo tabli bon jan regleman, ni lakay yo ni lòt kote. Règleman sa yo sipoze **ranfòse, fè rekonèt epi fè aplike** dwa ak libète ki nan Deklarasyon sa a, nan mitan popilasyon tout peyi manm Nasyonzini yo, annapre nan mitan popilasyon tout teritwa ki sou kòmandman yo.



10 Desanm 1948 : Asanble Jeneral Nasyonzini te vote epi pwoklame Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun.

Deklarasyon sa a se pitit lit anpil pèp sou latè. Pèp ayisyen se youn ladan yo. Tout listwa l se listwa lit pou dwa moun. Depi nan bato negriye, nèg ap batay pou libète, jis jounen jodi a li pa sispann goumen pou dwa l. Li toujou solidè ak tout lòt pèp k ap lite pou dwa yo, kit se nan Savana, kit se nan Amerik Latin, nèg d Ayiti toujou kanpe kote pèp k ap goumen pou dwa yo.

Nou pral bay kounye a kèk dat enpòtan lan batay Pèp ayisyen an pou dwa li kòm pèp e pou dwa tout moun k ap viv lan peyi a :

## Dwa libète




**DAWOU** - 22 Dawou 1791: Gwo leve Kanpe esklav yo

**E** venman sa a, se pi gwo leve kanpe esklav ki te fèt sou la tè. Se yon kokenn temwayaj lit Pèp ayisyen kont lesklavaj, kont kout baton ak lòt kalite move tretman kolon franse te konn fè yo sibi. Se premye fwa nan listwa tout peyi, esklav rive kase chenn yo, jouk yo reyisi fè yon peyi. Epitou, Ayiti se premye peyi sou latè kote moun pat gen dwa fè moun esklav. (Atik 4 et 5 - Dwa pou moun pa fè moun esklav).

**Jouk jounen jodi a, Pèp ayisyen ap goumen san rete pou libète.**




## Libète relijyon



**DESANM** - 1927: Piblikasyon liv Jan Prays Mas la, *"Ainsi Parla l'Oncle"*.

**L**iv sa a chita tout revandikasyon kiltirèl Pèp ayisyen an. Li egzije tout moun respekte sa zansèt yo kite pou yo nan tout sa y ap fè. Se yon koukou wouj dèyè tout fòs nan sosyete a ki fè tèt ansanm ak Leta pou kraze kilti ak relijyon Pèp la. Se yon leve kanpe pou devlopman kilti ak libète relijyon popilè a. Konsitasyon 1987 la rekonèt dwa pou tout moun rantre nan relijyon yo pi pito, epitou pou kreyòl la vin lang ofisyèl peyi a, menm jan ak franse. (Atik 2 - Tout moun se moun ak Atik 18 - Tout moun gen dwa sèvi Bondye yo pi pito, jan yo vle).




**JANVYE** - 1 janvye 1804: Endepandans peyi d Ayiti

**A** k fòs kouraj yo, nèg te mete kolon yo deyò nan peyi a. Apre sa, Desalin, chèf lame endepandans la, chwazi jou ki te premye Janvye pou l te pwoklame Ayisyen chèmèt chèmètrès peyi a. Depi jou sa a, nou gen yon nasyon. (Atik 15 - Dwa nasyonalite).

**Fòk nou kontinye kanpe pou nasyon nou an lib tout bon vre.**

## Dwa patisipasyon



**AVRIL - 1844:** Leve kanpe Akao, pou satisfaksyon dwa sosyal ak ekonomik mas popilè yo nan peyi d Ayiti

**A**kao, chèf lame revolisyonè peyizan nan Sid yo te rele "*Lame Soufrans*" lan, lanse yon kokenchenn mobilizasyon pou mas popilè yo jwenn doktè, jwenn tè pou yo travay, elatriye. Akao te yon lidè peyizan ki te pran tèt lit peyizan Sid yo nan lane 1843 pou revandike dwa sosyal yo. Gwo zouzoun yo toujou refize bay peyizan, ouvriye, chomè ak etidyan nan peyi d Ayiti dwa sa yo, pou yo jwenn lavi miyò. (Atik 22 - Dwa pou tout moun viv byen).

Lit pou dwa fondanatal sa yo nan tout listwa peyi a. Pèp la fèk tanmen redi pou dwa sa yo.



### OKTOB - 1917: Lit kont kòve

**N**an lane 1917, peyizan nan Nò te leve kanpe kont travay fòse blan meriken te mete nan tout mòn peyi d Ayiti. Dapre Lalwa blan yo te mete nan peyi a, chak peyizan te oblije travay sis (6) semèn nan fè wout, san yo pa touche. Kòve sa yo te fè tout peyizan ankòlè. Ak Chalmay Peral, yo te leve kanpe ansanm pou revandike dwa yo genyen pou yo travay lib e libè, nan bon kondisyon. (Atik 23 - Dwa pou travay lib e libè).

**Pèp la ap kontinye goumen pou pyès moun pa manje fòs kouraj li.**

## Dwa ledikasyon



**SEKTANM - 1842: Manifès Pralen: ledikasyon, yon dwa pou tout moun**

**S**e yonn nan gwo revandikasyon Manifès Pralen an. Manifès sa a te ranmase revandikasyon Pèp ayisyen an kont fè nwè gouvènman Jan Pyè Bwaye a nan lane 1842. Depi lendepandans, Pèp ayisyen t ap lite anpil pou Leta rekonèt dwa li pou jwenn levasyon. Gouvènman anvan yo tankou Kristòf ak Petyon te fè yon jefò sou kesyon sa a. Men se nan lane 1844, premye ministè enstriksyon piblik nan peyi a pral kreye. Dapre Lalwa, Ayiti te premye peyi sou latè kote lekòl primè te gratis epi tout moun te oblije al lekòl. (Atik 26 - Dwa levasyon).

Fòk nou goumen pou alfabetizasyon tout moun.



**Dwa pwopriyete**

**ME - 1805: Piblikasyon premye Konstitisyon peyi d Ayiti**

**K**onstitisyon 1805 lan se premye manman Lwa Pèp ayisyen bay tèt li kòm premye nasyon lib nan Amerik Latin nan. Se li ki fè chak ayisyen gen dwa gen tè ak lòt byen li ka rele "*chèmèt, chèmètrès*". (Atik 17 - Dwa pou moun pwopriyètè).

**Jouk jounen jodi a nan peyi d Ayiti, gen moun k ap goumen pou yo gen dwa gen yon mòso tè.**


# Deklarasyon Dwa Moun

## Atik 1

Tout moun sou tè a fèt tou lib. Tout gen menm valè (nan je lasosyete), tout moun gen menm dwa devan Lalwa. Tout moun fèt ak yon bonsans, tout fèt ak yon konsyans epi youn fèt pou trete lòt tankou frè ak sè.

## Atik 2

Chak grenn moun sou tè a fèt pou kapab benefisye libète ak dwa ki pwoklame nan Deklarasyon sila a, san okenn diferans, tankou diferans ki chita sou ras, sou koulè po, sou si se fanm oswa si se gason. Pa fèt pou gen okenn ki chita ni sou lang, ni sou relijyon, ni sou opinyon politik oswa lòt fason de moun panse. Pa dwe gen diferans ki chita sou nasyonalite moun, klas sosyal yo, richès yo, kondisyon paran yo te fè yo ni sou okenn lòt rezonman nan jan sa a.



Pa fèt pou gen okenn diferans non plis, ki gen rapò ni ak sitiasyon politik, ni ak kalite relasyon diplomatik ki egziste ant peyi kote moun nan ye a ak peyi kote moun nan soti a, kit se yon peyi ki gran moun lakay li oswa ki ta gen kèk règleman ki limite pouvwa l pou l pran desizyon poukont li.

### Atik 3

Se dwa chak moun pou l chache mwayen pou konsève lavi li, konsève libète l epi pwoteje tèt li.

---





## Atik 4


Pèsonn pa gen dwa fè okenn moun tounen esklav ni fòse okenn moun fè yon travay. Pa fèt pou gen ni esklavaj, ni komès esklav, kèlkeswa jan y ap fèt la.

## Atik 5

Yo pa gen dwa bat okenn moun, ni fè li pase mizè, ni fè li sibi lòt kalite soufrans pou fè li pèdi kontwòl li oswa fè li sispann konsidere tèt li kòm moun, fè li tounen zonbi.

---

NON





### Atik 6

Chak moun gen yon seri dwa Lalwa ba li. Dwa sila yo fèt pou respekte toupatou sou tè a.

### Atik 7

Tout moun egalego devan Lalwa. Lalwa fèt pou bay tout moun menm pwoteksyon, san paspouki.

Lalwa fèt pou pwoteje tout moun menm jan, kont tout prejije ki depaman ak deklarasyon sa a epi kont tout ajisman ki ka kreye kalite prejije sa yo tou.

## Atik 8


Se dwa tout moun pou otorite lajistis nan peyi kote y ap viv la, ba yo bon jan konkou pou anpeche yo viktim move zak ki dozado ak dwa konstitisyon oswa Lalwa peyi a ba yo. Dwa sa yo pesonn pa sipoze wete nan men yo.

## Atik 9

Yo pa gen dwa rete konsa pou yo arete yon moun, ni pou yo fèmen li nan prizon ni pou yo ekzile li san kòz.

## Atik 10


Se dwa chak moun ki parèt devan lajistis, pou yo tande kòz li menm jan ak pa tout lòt moun. Kòz chak moun fèt pou jije klè, san paspouki, devan yon tribinal ki pa nan patipri. Se tribinal sa a ki pou fè jijman sou dwa ak responsablite moun nan. Se tribinal la tou ki pou deside si lalwa rekonèt te gen rezon pou yo mennen moun nan devan lajistis.



## Atik 11


- 1- Nenpòt ki moun yo ta akize pou move zak, yo dwe konsidere moun nan inosan, **jiskaske Lalwa vini rekonèt li kòm koupab**; oubyen apre yo fin **tande** kòz la nan yon tribinal piblik. Tribinal sa a dwe bay moun nan tout mwayen pou li **defann** tèt li.
- 2- Yo pa fèt pou kondane okenn moun poutèt li te aji yon fason ki pa bon si, lè moun nan t ap aji a pat ko gen okenn Lwa nan peyi a, ni okenn Lwa entènasyonal ki te ko deklare moun nan pa gen dwa aji fason sa a. Menm jan an tou, yo pa gen dwa bay okenn moun yon **kondansyon ki pi gwo pase sa Lwa te fikse** pou move zak la, lè moun nan t ap fè zak sa a.






### Atik 12

Pèsonn pa fèt pou fouye nan lavi prive okenn lòt moun, nan zafè fanmi li, ni nan sa k ap pase andedan lakay li. Pèsonn pa gen dwa fouye nan lèt yon lòt moun ekri oswa lèt li resevwa, ni fè anyen ki ka dezonore moun nan oswa fè li pèdi repitasyon l. Chak moun gen dwa pou Lalwa ba li pwoteksyon kont zak fouyapòt ak medizan-malpalan sa yo.




### Atik 13

- 1- Chak moun gen dwa pou li **sikile lib** epi pou li **chwazi** ki bò li vle abite nan peyi kote l ap viv la.
- 2- Nenpòt ki moun fèt pou gen dwa **pati kite** nenpòt ki peyi, menm si se peyi pa li. Se dwa moun nan pou l **retounen** nan peyi li **lè lide l di l**.



#### Atik 14

- 1- Lè gen pèsekisyon, tout moun gen dwa chache refij nan anbasad oswa teritwa yon lòt peyi. Se dwa tout moun pou yo benefisye pwoteksyon sa a.
- 2- Dwa sa a pa valab si y ap pouswiv moun nan pou yon krim Lalwa kondane, oswa pou kèk ajisman ki pa ale nan menm sans ak entansyon epi ak prensip Nasyonzini yo.




---

### Atik 15

- 1- Se dwa chak kreyen-vivan pou li gen yon **nasyonalite**.
- 2- Pèsonn **pa ka wete** nasyonalite yon moun nan men li, ni **retire** dwa moun nan pou li **chanje** nasyonalite l.






## EGALEGO



---

### Atik 16

- 1- Depi yon gason ak yon fi majè, kèlkeswa ras yo, nasyonalitye yo oswa relijyon yo, yo gen dwa marye epi fonde yon fanmi. De moun sa yo toujou egalego tout tan yo ansanm epi menm lè y ap kite.
- 2- Maryaj la pa sa fèt san se pa ak konsantman 2 moun ki pral marye yo.
- 3- Maryaj se asosiyasyon ki pi konsekan nan je lasosyete. Li fèt pou benefisye pwoteksyon lasosyete ak Leta.




---

### Atik 17

Se dwa chak moun pou li genyen yon byen, swa poukont li swa nan tèt ansanm ak lòt moun.

Pèsonn pa ka rete konsa pou l deside wete byen yon moun nan men l.



### Atik 18

Se dwa chak moun pou l gen fason panse pa li, konviksyon ak relijyon lide l di l. Ak dwa sa a, chak moun sipoze lib chanje relijyon jan l vle, ak konviksyon l tou. Chak moun lib fè antrenman, fè pratik, fè sèvis ak seremoni pou manifeste relijyon oswa kwayans li. Li sanse lib fè tout bagay sa yo, swa poukont li swa nan yon gwoup, kit se an piblik, kit se yon kote apa.

### Atik 19

Se dwa chak moun pou li gen fason panse pa li. Epi pou li gen dwa lapawòl. Sa vle di tou, dwa pou pesonn pa ba li pwoblèm poutèt jan li panse, dwa pou li ka sèvi ak nenpòt kalite mwayen pou li mache chache, aksepte, oswa resevwa enfòmasyon epi simaye yo tribò-babò, ak tout kalite lide.


## Atik 20

- 1- **Tout moun lib fè reyinyon** epi patisipe nan asosiyasyon san zam.
- 2- Yo pa gen dwa oblije pèsonn vini manm okenn asosiyasyon.

## Atik 21

- 1- Tout moun gen dwa **patisipe nan direksyon zafè piblik peyi li**. Gen 2 fason moun nan ka patisipe : swa li chèche antre li menm menm nan yon administrasyon Leta; swa li patisipe nan yon eleksyon lib, pou chwazi moun ki pou dirije nan non li.

DWA VÒT




- 2- Tout moun gen dwa **chèche yon djòb epi jwenn yon djòb nan Leta san parenn, ni piston**.

3- Se sou volonte pèp tout pouvwa ak otorite piblik chita. Volonte sa a fèt pou manifeste nan eleksyon onèt, ki ta dwe fèt nan yon dat fiks, kote chak sitwayen gen libète vote nan sans li vle. Volonte pèp la gen dwa manifeste tou nan nenpòt lòt demach ki sanble ak eleksyon, kote chak sitwayen lib fè chwa ki nan gou li.


### Atik 22

Se dwa chak moun, kòm manm nan sosyete a, pou Leta ba li garanti sekirite sosyal, sa vle di, mwayen pou li satisfè tout bezwen ekonomik, sosyal ak kiltirèl ki en-dispansab pou li pa pèdi diyite li kòm moun epi pou li devlope pèsonalite li alèz. Demach pou jwenn sekirite sosyal sa a gen dwa fèt avèk konkou ajans ki tabli nan yon peyi oswa avèk konkou kèk ajans entènasyonal, selon fòm òganizasyon ak mwayen chak peyi.



## Atik 23


- 1- Chak moun gen dwa travay, dwa pou li **deside** ki travay li vle fè osinon li pa vle fè. Se dwa l pou l travay nan bon kondisyon ki pa kont enterè li epi ki pwoteje l.
  - 2- Se dwa tout moun ki fè menm **kalite** ak menm **kantite** travay, pou yo **touche menm valè lajan**, san paspouki.
- 




- 3- Se dwa chak moun k ap travay pou li touche apwentman ki koresponn ak travay l ap fè a. Li fèt pou touche dekwa pou li menm ak tout fanmi li ka mennen yon vi respektab. Chak fwa gen posiblite yo fèt pou ta mete anplis tout lòt mwayen pwoteksyon sosyal ki genyen sou apwentman sa a.
- 4- Tout moun gen dwa fè kolonn ak lòt moun pou fonde sendika oswa antre nan sendika ki la deja pou defann enterè yo.

### Atik 24

Tout moun gen dwa pran repo epi jwenn tan pou l anmize li. Se dwa moun nan pou l pa travay depase limit epi pou li gen peryòd konje peye si l se yon anplwaye.






### Atik 25


- 1- Se dwa chak moun pou l gen ase mwayen pou l bay tèt li ak fanmi li tout kalite swen nesesè tankou **manje, rad, lojman, swen medikal** ak tout lòt **sèvis sosyal** ki nesesè. Se dwa chak moun pou li gen yon api pou ka **maladi, donmaj, lanmò mari** oswa **lanmò madanm, vyeyès, nenpòt lòt ka** oswa **sikonstans kalamite** ki ta vin fè moun nan pèdi mwayen l te genyen pou l viv.
- 2- Se dwa fi k ap **akouche** ak ti bebe nan kouchèt pou yo **jwenn asistans ak pwoteksyon espesyal**. Tout timoun, pitit lejitim kou pitit deyò, fèt pou **benefisye** menm pwoteksyon an.





## Atik 26

- 1- Se dwa tout moun pou y al lekòl. Lekòl Leta fèt pou gratis sitou lekòl elemantè ak lekòl fondamantal. Lekòl elemantè fèt pou obligatwa. Lekòl teknik ak lekòl pwofesyonèl fèt pou alapòte tout moun. Epi posiblite antre nan inivèsite ta dwe egziste pou tout moun, selon kapasite etid yo.
- 2- Edikasyon fèt pou vize devlopman pèsonalite moun epi ranfòse respè Dwa Moun ak libète ki endispansab yo. Li fèt pou fasilite antant, tolerans ak zanmitay fleri nan mitan tout peyi, tout kalite ras moun tout kalite relijyon. Edikasyon fèt pou ede Nasyonzini travay pou mentni lapè sou tè a.
- 3- Manman ak papa se premye moun ki gen dwa deside ki kalite edikasyon yo ta renmen pitit yo resevwa.



### Atik 27

- 1- Se dwa chak moun pou li decide patisipe nan **aktivite kiltirèl** kominote a, jwi nan sa atis ak atizan ka ofri. Se dwa l pou l **patisipe nan pwogrè lasyans** ap fè epi pou l benefisye tou nan avantaj aktivite sa yo pote.
- 2- Chak moun gen dwa **defann enterè Lalwa rekonèt li genyen** ak lòt avantaj vizib ki sòti nan nenpòt ki aktivite lasyans osinon travay atis ak intelektual k ap ekri liv.

## Atik 28

Se dwa chak moun pou li fè presyon sou lasosyete, ni nan peyi li, ni nan lòt peyi, pou lasosyete ranje zafè yo yon fason, dekwa pou dwa ak libète y ap pale nan Deklarasyon Dwa Moun sa a, ka reyalize tout bon vre.

## Atik 29

- 1- Chak kretyen-vivan gen yon seri obligasyon anvè kominote kote l ap viv la. Paske kominote a se sèl kote li kapab alèz pou l devlope pèsonalite l tout bon vre.
- 2- Lè yon moun ap egzèse dwa ak libète l, li pa fèt pou gen lòt limit pase sa Lalwa fikse, pou anpeche moun nan pilonnen dwa lòt moun epi pou fè li obeyi tout prensip ki la pou fè respekte Lalwa, respekte lòd piblik epi respekte byennèz lòt moun nan yon sosyete kote yo pratike demokrasi.
- 3- Kelkeswa sikonstans ki ta prezante, dwa ak libète sa yo pa ka sèvi pou fè anyen ki an dezakò ak vizyon epi ak prensip Nasyonzini yo.


## Atik 30

Pa gen youn nan dispozisyon ki nan Deklarasyon sa a, yo ka bay yon sans ki pou ta otorize yon nasyon, yon gwoup moun, oswa yon endividi mennen yon aktivite oswa komèt yon zak k ap chèche detwi dwa ak libète ki nan Deklarasyon sila a.



AYITI






### Atik 3

Se dwa chak moun pou li chache mwayen pou konsève lavi li, konsève libète li epi pwoteje tèt li.

**NEW  
DOCUMENT**



# DEKLARASYON INIVÈSÈL DWA MOUN



## Mèsi

- *Piblikasyon sa a fèt sou responsabilite òganizasyon tèt ansanm Nasyon yo.*
- *Òganizasyon ki bay kòb pou enprime “Deklarasyon Dwa Moun” an kreyòl la : Anbasad Kanada (Fon Kanadyen) Pòtoprens.*

Koudmen nan teknik :

- *Adaptasyon tèks kreyòl la : Wilfrid Dalzon (CFET)*
  - *Konsiltan Odyovizyèl ak aranjman paj yo : Frantz Ewald.*
- 

## Avètisman

Ti liv sa a kapab sèvi nan lekòl ak nan sant pòs alfabetizasyon. L ap pèmèt moun ki fèk aprann li yo kontinye aprantisaj yo nan lekti ak ekriti. Li ka sèvi nenpòt lòt moun ki konn li deja ki vle ogmante konesans li sou zafè dwa moun.

**Note Byen (N.B.) :** Ti liv sa a anvan yo te enprime li, te teste nan zòn andeyò, tankou : Tomasik, Bòk Banik, Lopòs, Sen-Rafayèl, Twou Zonbi epi Kay-Jakmèl.

**“DWA MOUN”**

**Achévé d’imprimer sur les presses de l’Imprimerie Le Natal**

**Dépôt Légal : Bibliothèque Nationale d’Haïti N° 89-10-286**

**4ème Trimestre 1989**



---

# DEKLARASYON INIVÈSÈL DWA MOUN



---

**Pòtre** de branch bwa sa a se drapo Nasyonzini. Li reprezante deviz òganizasyon an pou li travay pou fè edikasyon, prosperite, linyon ak lapè fleri toupatou sou tè a.

Jou ki te 10 desanm 1948 Asanble Jeneral Nasyonzini te vote epi pwoklame Deklarasyon Inivèsèl sou Dwa Moun ki andedan ti liv sa a. Apre li fini fè gwo jès moun pa ka bliye sa a, Asanble jeneral la te rekòmande tout peyi ki manm Nasyonzini yo, pou yo pibliye Deklarasyon an epi fè tout mwayen posib pou simaye li ak afiche li toupatou, fè moun li ak fè kòmante sou deklarasyon an, sitou nan lekòl ak lòt lokal kote yo fè edikasyon moun, kèlkeswa sitiya-syon politik peyi yo oswa teritwa yo.

## Entwodiksyon

Lè nou sonje ke desizyon rekonèt valè chak moun genyen nan li menm-menm kòm moun, desizyon rekonèt ke tout moun gen menm dwa egalego, dwa pèsonn pa ka wete nan men yo, eke desizyon sa a se veritab baz libète, veritab baz lajistis ak lapè sou tè a.

Lè nou sonje ke inyorans ak mepri dwa moun, konn lakòz divès move zak sovaj, zak ki revolte konsyans mezi moun sou tè a, san nou pa bliye ke, pi gwo espwa nou kòm moun, sèke yon jou va rive lè chak kretyen-vivan va gen libète lapawòl, libète pou li gen konviksyon pèsonel li, yon jou lè tout moun va santi yo debarase ak lapèrèz ak lamizè sou tè a.

Lè nou sonje neseseite pou gen yon seri règleman ki pou pwoteje dwa moun sou tè a, dekwa pou lèzòm pa toujou santi yo oblije pran lèzam pou delivre tèt yo anba chèf k ap kraze brize ak moun k ap fè abi.

Lè nou sonje neseseite pou nou ankouraje tout nasyon tabli relasyon bon zanmitay antre yo.

Lè nou sonje ke nan batistè Nasyonzini an menm, pèp peyi manm yo te retounen deklare ankò, ke yo gen lafwa nan **dwa fondanatal** chak moun, lafwa nan **diyite** ak **valè** chak kretyen-vivan, lafwa nan **dwa egalego pou ni fanm, ni gason**.

Lè nou sonje ke tout peyi sa yo te pran pozisyon anfavè **pwogrè sosyal** sou tè a, epi yo te pran desizyon pou fè tout moun sou tè a jwenn plis **libète ak pi bon kondisyon pou yo viv**.

Lè nou sonje ke **peyi manm yo te pran angajman**, pou yo kole tèt ak Nasyonzini, pou fè **respekte dwa moun ak libète** ki endispansab yo, toutbon vre, toupatou sou tè a.

Lè nou sonje jan li enpòtan pou tout moun sòti dakò sou sa dwa ak libète sa yo vle di, pou yo ka asepte angajman sa a nan tout sans li.

### **Asanble Jeneral la pwoklame :**

Deklarasyon Dwa Moun sa a fèt pou sèvi tankou pi gwo espwa pou tout moun, nan tout nasyon sou tè a. Y ap eseye realize li, yon fason, dekwa pou tout kretyen-vivan, tout entitisyon ki fè pati lasosyete, ka pran Deklarasyon sa a kòm **gid**, nan efò y ap fè, pou yo sèvi ak **edikasyon, kòm** mwayen pou fè respekte dwa ak libète ki nan Deklarasyon sa a; nan efò y ap fè pou yo tabli bon jan règleman, pou soutni Deklarasyon sa a, ni lakay yo ni lòt kote. Règleman sa yo sipoze **ranfòse, fè rekonèt epi fè aplike** dwa ak libète ki nan Deklarasyon sa a, nan mitan popilasyon tout peyi manm Nasyonzini yo dabò epi nan mitan popilasyon tout teritwa ki sou kòmanman yo.


# Deklarasyon Dwa Moun

## Atik 1

Tout moun sou tè a fèt tou lib. Tout gen menm valè (nan je la sosyete), tout moun gen menm dwa devan Lalwa. Tout moun fèt ak yon bonsans, tout fèt ak yon konsyans epi youn fèt pou trete lòt tankou frè ak sè.

## Atik 2

Chak grenn moun sou tè a fèt pou kapab benefisye libète ak dwa ki pwoklame nan Deklarasyon sila a, san okenn diferans, tankou diferans ki baze sou ras, sou koulè po, sou si se fanm oswa si se gason. Pa fèt pou gen okenn diferans ki baze ni sou lang, ni sou relijyon, ni sou opinyon politik oswa lòt fason sèten moun panse; ni pa dwe gen diferans ki baze sou nasyonalite moun, klas sosyal yo, richès yo, nan ki kondisyon paran yo te fè yo; ni sou okenn lòt rezonman nan jan sa a.



Pa fèt pou gen okenn diferans non plis, ki gèn rapò ni ak sityasyon politik, ni ak kalite rapò relasyon diplomatik ki egziste ant peyi kote moun nan ye a ak peyi kote moun nan sòti a, kit se yon peyi oswa yon tèritwa endepandan, kit li anba drapo yon lòt peyi, kit li gran moun lakay li, oswa t a gen kèk règleman ki limite pouvwa peyi sila a pou li pran desizyon poukont li.

### Atik 3

Se **dwa chak moun** pou li chache mwayen pou **konsève** lavi li, konsève libète li epi pwoteje tèt li.



#### Atik 4

Pèsonn pa gen dwa fè okenn moun tounen esklav ni fòse okenn moun fè yon travay. Pa fèt pou gen ni esklavaj, ni komès esklav, kèlkeswa jan y'ap fèt la.

#### Atik 5

Yo pa gen dwa bat okenn moun, ni fè li pase mizè, ni fè li sibi lòt kalite soufrans pou fè li pèdi kontwòl li oswa fè li sispann konsidere tèt li kòm moun, fè li tounen zonbi.

NON





### **Atik 6**

Chak mou gen yon seri dwa Lalwa ba li. Dwa sila yo fèt pou respekte toupatou sou tè a.

### **Atik 7**

**Tout moun egalego devan Lalwa.** Lalwa fèt pou bay tout moun menm pwoteksyon, san distenksyon.

Lalwa fèt pou **pwoteje tout moun menm jan**, kont tout prejije ke deklarasyon sa a pa dakò ak yo epi tout pwovokasyon ki ka kreye kalite prejije sa yo tou.

## Atik 8

- Se dwa tout moun pou otorite lajistis nan peyi kote y ap viv la, ba yo bon jan konkou pou anpeche yo viktim move zak ki dozado ak dwa Konstitisyon oswa Lalwa peyi a ba yo eke pèsonn pa sipoze wete nan men yo.

## Atik 9

Yo pa gen dwa rete konsa pou yo arete yon moun, ni pou yo fèmen li nan prizon pou yo ekzile li san kòz.

## Atik 10

Se dwa chak moun ki parèt devan lajistis, pou yo tandè kòz li menm jan ak pa tout lòt moun. Kòz chak moun fèt pou jije klè, san paspouki, devan yon tribinal ki pa nan patipri. se tribinal sa a ki pou fè jijman sou dwa ak responsablite moun nan. Se tribinal la tou ki pou deside si lalwa rekonèt te gen ase kòz pou yo mennen moun nan devan lajistis.





## Atik 11


- 1- Nenpòt ki moun yo t a akize pou move zak, yo dwe konsidere moun nan inosan, **jiskaske Lalwa vini rekonèt li kòm koupab**; oubyen apre yo fini **tande** kòz la nan yon tribinal piblik. Tribinal sa a dwe bay moun nan tout mwayen pou li **defann** tèt li.
- 2- Yo pa fèt pou kondane okenn moun poutèt li te aji yon fason ki pa bon si, lè moun nan t ap aji a pat ko gen okenn Lwa nan peyi a, ni okenn Lwa entènasyonal ki te ko deklare ke moun nan pa gen dwa aji fason sa a. Menm jan an tou, yo pa gen dwa bay okenn moun yon **kondanasyon ki pi gwo pase sa Lalwa te fikse** pou move zak la, lè moun nan t ap komèt li a.






## Atik 12

Pèsonn pa fèt pou fouye nan lavi prive okenn lòt moun, nan zafè fanmi li, ni nan sa k ap pase andedan lakay li. Pèsonn pa gen dwa fouye nan lèt yon lòt moun ekri oswa lèt li resevwa, ni fè anyen ki ka dezonore moun nan oswa fè li pèdi repitasyon li. Chak moun gen dwa pou Lalwa ba li pwoteksyon kont zak fouyapòt ak medizan-malpalan sa yo.



### Atik 13


- 1- Chak moun gen dwa pou li **sikile lib** epi pou li **chwazi** ki bò li vle abite nan peyi kote l'ap viv la.
- 2- Nenpòt ki moun fèt pou gen dwa **pati kite** nenpòt ki peyi, menm si se peyi pa li. Se dwa moun nan pou li **retounen** nan peyi li **lè lide li di li**.



---

### Atik 14


- 1- Lè gen pèsekisyon, tout moun gen dwa chache refij nan anbasad oswa teritwa yon lòt peyi. Se dwa tout moun pou yo benefisye pwoteksyon sa a.
- 2- Dwa sa a pa valab si y'ap pouswiv moun nan pou yon krim lalwa kondane, oswa pou kèk ajisman ki pa ale nan menm sans ak entansyon epi ak prensip Nasyonzini yo.



---

### Atik 15

- 1- Se dwa chak kretyen-vivan pou li gen yon **nasyonalite**.
- 2- Pèsonn **pa ka wete** nasyonalite yon moun nan men li, ni **retire** dwa moun nan pou li **chanje** nasyonalite li.




## EGALEGO



---

### Atik 16

- 1- Depi yon gason ak yon fi majè, kèlkeswa ras yo, nasyonalite yo oswa relijyon yo, yo gen dwa marye epi fonde yon fanmi. De moun sa yo toujou egalego tout tan yo ansanm epi menm lè y ap kite.
- 2- Maryaj la pa sa fèt san se pa ak lib konsantman 2 moun ki pral marye yo.
- 3- Maryaj se asosiyasyon ki pi konsekan nan je lasosyete. Li fèt pou benefisye pwoteksyon lasosyete ak leta.




---

### Atik 17

Se dwa chak moun pou li **genyen yon byen**, swa poukont li swa nan tèt ansanm ak lòt moun.

**Pèsonn pa ka rete konsa pou li deside wete byen yon moun nan men li.**



---

### Atik 18

Se dwa chak moun pou li gen fason panse pa li, konviksyon ak relijyon lide li di li. Ak dwa sa a, chak moun sipoze lib chanje relijyon jan li vle, ak konviksyon li tou. Chak moun sanse lib fè antrenman, fè pratik, fè sèvis ak seremoni pou manifeste relijyon oswa kwayans li. Li sanse lib fè tout bagay sa yo, swa poukont li swa nan yon gwoup kit se devan tout piblik la, kit se yon kote apa.

### Atik 19

Se dwa chak moun pou li gen fason panse pa li. Epi pou li gen dwa lapawòl. Sa vle di tou, dwa pou pèsonn pa ba li pwoblèm poutèt fason panse li, epi li ka sèvi ak nenpòt kalite mwayen pou li swa mache chache, swa asepte, oswa resevwa enfòmasyon epi simaye yo tribò-babò, ak tout kalite lide.



## Atik 20


- 1- **Tout moun lib fè reyinyon** epi pran pa nan asosiyasyon san zam.
- 2- Yo pa gen dwa oblije pèsonn vini manm okenn asosiyasyon.

## Atik 21

- 1- Tout moun gen dwa **patisipe nan direksyon zafè piblik peyi li**. Gen 2 fason moun nan ka patisipe : swa li chache antre li menm-menm nan yon administrasyon Leta; swa li pran pa nan yon eleksyon lib, pou chwazi moun ki pou dirije onon li.

---

# DWA VÒT




- 
- 2- Tout moun gen dwa **chache yon djòb epi jwenn nan Leta san parenn, ni piston.**

3- Se sou volonte pèp tout pouvwa ak otorite piblik re-poze. Volonte sa a fèt pou manifeste nan eleksyon onèt, ki t a dwe fèt nan yon dat fiks, kote chak sitwayen gen libète vote nan sans li vle. Volonte pèp la gen dwa manifeste tou nan nenpòt lòt demach ki sanble ak eleksyon, kote chak sitwayen lib fè chwa ki nan gou li.


### Atik 22

Se dwa chak moun, kòm manm nan sosyete a, pou Leta ba li garanti sekirite sosyal, sa vle di, mwayen pou li satisfè tout bezwen ekonomik, sosyal ak kiltirèl ki endispansab pou li pa pèdi diyite li kòm moun epi pou li devlope pèsonalite li alèz. Demach pou jwenn sekirite sosyal sa a gen dwa fèt avèk konkou ajans ki tabli nan yon peyi oswa avèk konkou kèk ajans entènasyonal, selon fòm òganizasyon ak resous chak peyi.



## Atik 23


- 1- Chak moun gen dwa travay, dwa pou li **deside** ki travay li vle fè o li **pa vle fè**. Se dwa li pou li travay nan bon kondisyon ki pa kont enterè li epi ki pwoteje li.
  - 2- Se dwa tout moun ki fè menm **kalite** ak menm **kantite** travay, pou yo **touche menm salè**, san paspouki.
- 




- 3- Se dwa chak moun k ap travay pou li touche salè ki koresponn ak travay l ap fè a. Li fèt pou touche dekwa pou li menm ak tout fanmi li ka mennen yon vi respektab. Chak fwa gen posiblite yo fèt pou t a ajoute tout lòt mwayen pwoteksyon sosyal ki genyen sou salè sa a.
- 4- Tout moun gen dwa fè kolonn ak lòt moun pou fonde sendika oswa antre nan sendika ki la deja pou defann enterè yo.

#### Atik 24


Tout moun gen dwa pran repo epi jwenn tan pou l anmize li. Se dwa moun nan pou li pa travay depase limit epi pou li gen peryòd konje peye si li se yon anplwaye.






### Atik 25

- 1- Se dwa chak moun pou li gen ase mwayen pou li bay tèt li ak fanmi li tout kalite swen nesesè tankou **manje, rad, lojman, swen medikal** ak tout lòt **sèvis sosyal** ki nesesè. Se dwa chak moun pou li gen yon api pou ka **maladi, donmaj, lanmò mari oswa lanmò madanm, vyeyès oswa nenpòt lòt ka oswa sikonstans kalamite** ki t a vini fè moun nan pèdi mwayen li te genyen pou li viv.
- 2- Se dwa fi k ap **akouche** ak ti bebe nan kouchèt pou yo **jwenn asistans ak pwoteksyon espesyal**. Tout ti moun, pitit lejitim kou pitit deyò, fèt pou **benefisye** menm pwoteksyon an.



## Atik 26

- 1- Se dwa tout moun pou y'al lekòl. Lekòl leta fèt pou gratis sitou lekòl elemantè ak lekòl fondamantal. Lekòl elemantè fèt pou obligatwa. Lekòl teknik ak lekòl pwofesyonèl fèt pou alapòte tout moun. Epi posiblite antre nan inivèsite t a dwe egziste pou tout moun, selon kapasite etid yo.
- 2- Edikasyon fèt pou vize devlopman pèsonalite moun epi ranfòse respè Dwa Moun ak libète ki endispansab yo. Li fèt pou fasilite antant, tolerans ak zanmitay fleri nan mitan tout peyi, tout kalite ras moun tout kalite relijyon. Edikasyon fèt pou ede Nasyonzini travay pou mentni lapè sou tè a.
- 3- Manman ak papa se premye moun ki gen dwa deside ki kalite edikasyon yo t a renmen pitit yo resevwa.



### Atik 27

- 1- Se dwa chak moun pou li deside pran pa nan **aktivite kiltirèl** kominote a, jwi nan sa atis ak atisan ka ofri. Se dwa li tou, pou li **patisipe nan pwogrè lasyans** ap fè epi pou li benefisye tou nan avantaj aktivite sa yo pote.
- 2- Chak moun gen dwa **defann enterè lalwa rekonèt li genyen** ak lòt avantaj vizib ki sòti nan nenpòt ki aktivite lasyans osinon travay atis ak intelektual k ap ekri liv.

## Atik 28

Se dwa chak moun pou li fè presyon sou lasosyete, ni nan peyi li ni nan lòt peyi, pou lasosyete ranje zafè yo yon fason, dekwa pou dwa ak libète y ap pale nan Deklarasyon Dwa Moun sa a, ka reyalize tout bon vre.

## Atik 29

- 1- Chak kretyen-vivan gen yon seri obligasyon anvè kominote kote l ap viv la. Paske kominote a se sèl kote li kapab alèz pou li devlope pèsonalite li tout bon vre.
- 2- Lè yon moun ap egzèse dwa ak libète li, li pa fèt pou gen lòt limit ke sa Lalwa fikse, pou anpeche moun nan pilonnen dwa lòt moun epi pou fè li obeyi tout prensip ki la pou fè respekte Lalwa, respekte lòd piblik epi respekte byennèz lòt moun nan yon sosyete kote yo pratike demokrasi.
- 3- Kelkeswa sikonstans ki t a prezante, dwa ak libète sa yo pa ka sèvi pou fè anyen ki an dezakò ak vizyon epi ak prensip Nasyonzini yo.

## Atik 30

Pa gen youn nan dispozisyon ki nan Deklarasyon sa a, yo ka bay yon sans ki pou t a otorize yon nasyon, yon gwoup moun, oswa yon endividi mennen yon aktivite oswa komèt yon zak k ap chache detwi dwa ak libète ki nan Deklarasyon sila a.





AYITI





### Atik 3

Se dwa chak moun pou li chache mwayen pou konsève lavi li, konsève libète li epi pwoteje tèt li.